



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 19 mas 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOGRÈ NAN KOMINIKASYON DIJITAL NAN TAN REYÈL MTA

Lè bis MTA kounye a kouvri tout bis yo nan Vil New York; kat sou dis pasaje tren yo te telechaje aplikasyon gratis pou Metro-North ak LIRR

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse de gwo etap pwogrè nan komunikasyon dijital nan tan reyèl ki te bay pa Kliyan Otorite Transpòtasyon Metropolitan yo (MTA). Tout bis vil New York yo bay kounye a kontwòl nan tan reyèl sou telefòn modèn yo, atravè tèks mesaj ak sou entènèt. Sa a pèmèt kliyan yo konnen nan ki distans pwochen bis la ye nan plis pase 22,000 arè bis kap sèvi chak wout nan Vil New York. E nan twa mwa depi piblikasyon aplikasyon ofisyèl pou kliyan tren yo, [LIRR Train Time™](#) ak [Metro-North Train Time™](#), apeprè 120,000 moun te telechaje aplikasyon pou iPhone ak Android. Baze sou estatistik pasaje yo, apeprè kat sou dis pasaje tren te telechaje aplikasyon an.

“Kounye a plizyè milyon Nouyòkè pral konnen kilè bis oswa tren yo pral deplase nan tan reyèl avèk sèlman yon klik sou yon bouton,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Plis rezidan nan Vil New York ap itilize transpò piblik pase anvan, e nou dwe asire ke sèvis transpò nou an ap travay pi byen pase anvan pou yo. Eta New York pral kontinye fè efò pou l fè envestisman entelijan ak inovè nan teknoloji ki fè yon diferans reyèl pou rezidan yo.”

Orè Bis MTA™ Ale nan Tout Vi la

“Kenbe kliyan yo enfòmè se yon misyon kle pou MTA, e orè bis MTA se yon egzanp ekselan nan fason yo transmèt enfòmasyon an rann vwayaj la pi byen,” te deklare Prezidan ak PDG MTA Thomas F. Prendergast. “Menm jan ak revèy dekont rete tann pou tren rann atant pou pwochen tren an vin pi fasil, Lè Bis MTA yo se yon fason kilyan nou yo ka “Konnen anvan ou Deplase.”

Inisyativ la egzije pou enstale materyèl GPS amelyore ak ekipman transmisyon done selilè nan 5,700 bis, ki voye lokasyon yo ak wout enfòmasyon a yon sève santral chak 30 segonn. Sève a itilize algoritm sofistike pou detèmine ki distans chak bis ye parapò a pwochen arè a.

Kliyan yo kapab wè enfòmasyon sa a lè yo vizite mta.info/bustime sou sit entènèt la oswa nan yon telefòn modèn, oswa lè yo tèks yon kòd inik pou chak arè bis a 511123. Kòd nimerik ak dijital QR te

Haitian Creole

afiche sou siy Guide -A-Ride nan arè bis yo nan Staten Island, Bronx ak Manhattan, e yo pral afiche l nan Brooklyn ak nan Queens kòmanse semèn pwochen.

Yo itilize sistèm lan plis pase 5 milyon fwa pa mwa. Kliyan yo ale sou li 3.2 milyon fwa pa mwa avèk navigatè mobil entènèt, 1.7 milyon fwa pa mwa atravè tèks mesaj, e 550,000 fwa pa mwa sou navigatè entènèt biwo.

Enfòmasyon ki jenere pa lè bis MTA egalman itilize pou etidye kijan bis yo opere wout yo, nan fason pou amelyore pèfòmans yo. Nan yon resan egzanp, enfòmasyon an te itilize pou etidye itilizasyon bis ak detèmine chanjman wout pou amelyorasyon nouvo sèvis yo kap vini nan gwo aglomerasyon nan vil Bronx.

Kòm yon pati nan angajman pou transparans san parèy, done sou lè bis MTA egalman disponib nan frè a devlopè lojisyèl yo, ki kapab kreye pwòp entèfas ak aplikasyon pou li.

Aplikasyon LIRR ak Metro-North Resevwa resepsyon pozitif

Gwo demann pou aplikasyon lè Tren LIRR ak Metro-North te alimante anpati pa kòmantè pozitif nan blòg ak pa kliyan yo kap ekri nan Store Apple App Store ak Google Play. Kòmantè sou aplikasyon yo, ki gratis, te pozitif anpil. Nan klasman konbine Google Play ak Apple App Store, 71% sou 294 pou lè Tren Metro-North te swa 4 oswa 5 etwal e 68% sou 240 kòmantè pou lè Tren LIRR te swa 4 oswa 5 etwal.

“Mwen si ke li dwe pwobableman yon aplikasyon esansyèl pou moun ki itilize LIRR souvan yo,” Mark Bangs [te ekri](#) nan yon kòmantè sou aplikasyon lè Tren LIRR nan sit entènèt App Picker. “Devlopè a te fè yon travay ki byen apwofondi nan kouvri ansanm rezo a, avèk tout enfòmasyon yo ki prezante nan yon entèfas senplifye ke w pa p gen pwoblèm pou w jwenn wout ou ozalantou.”

Men kòmantè kèk lòt itilizatè:

- “Aplikasyon sa a frape tout mak yo: entèfas itilizatè-amikal, koulè prensipal byen klere, konsèy, enfòmasyon disponib a oumenm. Chaman, tou senpleman chaman.” – App Store kòmantè kliyan sou lè Tren Metro-North nan dat 19 Desanm 2013 (senk etwal)
- “Move tanpèt nèj jodia . . . Aplikasyon sa reflekte chajman nan orè e li travay pafètman. Nou ta di sa ale nan aplikasyon kounye a.” –App Store kòmantè kliyan sou lè Tren LIRR nan dat 22 Janvyè 2014 (senk etwal)
- “Anplis de yon abondans enfòmasyon itil, entèfas itilizatè a bèl, entwitiv ak rich nan enfòmasyon. Yon aplikasyon ki vreman sipèb te kreye e se youn ou dwe genyen pou nenpòt transpò regilye kòmantè kliyan App Store lè Tren Metro-North nan 27 Desanm 2013 (senk etwal)
- “Sa a se pi bon aplikasyon ke LIRR pa janm itilize. Li rapid lè mwen sou wout la e li genyen tout enfòmasyon estasyon yo mwen te kapab toujou vle!” kòmantè kliyan App Store lè Tren Metro-North nan 19 Desanm 2013 (senk etwal)
- “Etonan, enkwayab. O bondye aplikasyon ke mwen pa janm itilize! Li pa t kapab pi bon, Bondye pami aplikasyon yo! A+++ Hoorah! Bravo!” – kòmantè kliyan Google Play sou lè Tren LIRR nan dat 21 Desanm 2013 (senk etwal)

- "Enfòmasyon Tren nan tan reyèl disponib a oumenm!!! Mwen ka wè pozisyon tren an, kontwole, menmsi asansè yo ap travay! Antanke pasaje regilye fonksyon vwayaj prefere yo pafè! Mwen kontwole vwayaj mwen yo e mwen ka wè sa m bezwen nan segonn chak fwa mwen ouvè aplikasyon an pou nenpòt moun kap vwayaje nan Metro-North." – kòmantè kliyan App Store lè Tren Metro-North nan 19 Desanm 2013 (senk etwal)
- "Sa bon pou genyen tout enfòmasyon sou LIRR nan yonsèl plas. Kreye de fason efikas ak fasil pou itilize. Mwen pral itilize l anpil. Kounye a avèk WiFi nan tren yo, mwen kapab verifye platfòm lan anvan mwen ale nan estasyon Penn e ale la dirèkteman lè mwen soti nan tren an. Sa a enpresyonan!" – kòmantè kliyan Google Play sou lè Tren LIRR nan dat 7 Mas 2014 (senk etwal)
- "Pratik! Mwen renmen aplikasyon sa a. Fè m konnen kilè mwenn dwe prese ak eseye pou m jwenn tren an avèk kontwòl lè a! Oswa lè mwen gen anpil tan pou m flannen nan estasyon an!" – kòmantè kliyan Google Play sou lè Tren LIRR nan dat 17 Fevriye 2014 (senk etwal)

Tren yo te swiv repons espesifik pa itilizatè yo sou fason pou amelyore aplikasyon yo, kidonk yo ka fè amelyorasyon sa lè yap piblye vèsyon modènize aplikasyon sa a.

"Akèy de aplikasyon sa yo te resevwa te ekselan," te deklare Prezidan ak Direktè Egzekitif MTA Thomas F. Prendergast. "Lefèt ke yon gran kantite kliyan tren yo te telechaje aplikasyon an fè nou sonje ke kliyan an yo reyèlman apresye aksè konvenyan sou wout enfòmasyon nan tan reyèl."

Konstwi sou chak chemendefè lè tren ki baze sou entènèt™ kantite enfòmasyon, aplikasyon an rann li fasil pou konnen –avèk anyen plis pase touche yon dwèt– kilè pwochen tren an ap rive nan estasyon an, keseswa yo chak alè, avèk ki wout yo chak prevwa pou itilize.

"LIRR ap toujou kontinye chèche fason pou amelyore kominikasyon kliyan yo kòm nou konnen enfòmasyon itil sa espesyalman pandan yon entèripsyon, pami pasaje nou yo' Non. 1 preyokipasyon," te deklare Helena E. Williams, Prezidan chemendefè Long Island. "Nouvo aplikasyon sou lè tren an pèmèt nou pi byen konekte dirèkteman avèk kliyan nou yo nan tan reyèl e nou kontan pou repons lan."

Joseph Giuliatti, Prezidan Tren Metro-North, te deklare: "Objektif nou kounye a se sou pi gwo priyorite nou, sekirite. Toutfwa, nap chèche egalman pou amelyore kalite sèvis yo. Elaji aksè a enfòmasyon nan tan reyèl se yon gwo pati nan sa, e mwen kontan pou m wè anpil nan kliyan nou yo ap itilize aplikasyon sa a."

Wout depa yo afiche nan aplikasyon an anmenmtan ke yo afiche nan siy dijital nan estasyon yo, kote li disponib. Wout yo jeneralman disponib pou plis pase inèdtan alavans nan pifò estasyon yo. Nan estasyon Penn, kote platfòm pi okipe pase tout lòt kote ak pataje pa twa tren, lis wout yo afiche a peprè 10 minit anvan depa.

Aplikasyon an egalman rann li fasil pou jwenn enfòmasyon sou pri, gade kat chemendefè yo, ak aprann osijè estasyon yo, sa ki gen ladan èdtan nan sal datant lan, disponibilite pou estasyonman, konekte sèvis transpò piblik, estati nan aksè pou moun ki andikape, estati asansè ak eskalye woulant, ak nimewo telefòn pou zòn konpayi taksi yo. Chak aplikasyon gen ladan estati sèvis nan tan reyèl, alèt kout sèvis pa minit, nouvo atik nan tren yo, enfòmasyon sou pwomosyon espesyal ak pake lwazi divètisman, ak plis

detay sou avi yo konsènan chanjman nan travay wout ki prevwa yo. E chak aplikasyon gen enfòmasyon sou konekte tren an avèk medya sosyal, imèl ak 511.

Pou aprann plis sou aplikasyon yo, sa gen ladan kijan pou telechaje yo sou iPhone, iPad, oswa Android smartphone, vizite sit entènèt sa yo:

- Tren Metro-North: <http://web.mta.info/mnr/html/traintimeapp.htm>
- Tren Long Island: <http://web.mta.info/lirr/traintimeapp/>

Anplis pou sipòte efò plizyè devlopè aplikasyon yo ki te itilize done ak pwopriyete entèlektyèl MTA nan 130 aplikasyon ki gen rapò a transpòtasyon ke w kapab jwenn nan Sant App MTA, de aplikasyon tren yo se sèlman de nan wit aplikasyon ki te kreye ofisyèlman oswa ki te komisyone pa MTA li menm. Lòt aplikasyon MTA pou iOS, Android se:

- [Subway Time](#), ki bay lè reyèl tren an ap rive ki estime pou tout estasyon yo nan L, 1, 2, 3, 4, 5 ak 6 liy tren ak S 42nd Street Navèt.
- [The Weekender](#), sa ki fè kliyan tren Vil New York yo wè chanjman sèvis nan wikenn ki koze pa travay nan pis tren yo.
- [MTA Drive Time](#), sa ki bay opinyon ki anime grafikman sou vitès vwayaj aktyèl ak lè vwayaj yo sou pon Verrazano-Narrows, Pon RFK, Tinèl Queens-Midtown, Pon Bronx-Whitestone, Pon Throgs Neck, Tinèl Hugh L. Carey, Pon Henry Hudson, Pon Cross Bay ak Pon Marine Parkway.
- [Meridian](#), sa ki bay enfòmasyon konplè sou bèl travay atistik ki te enstale nan tout sistèm MTA a, sa ki gen ladan abilite pou chèche pa liy oswa pa atis, jwenn direksyon detaye, ak gade foto.
- [Grand Central](#), sa ki konbine enfòmasyon osijè ki kote pou manje, achte ak fè kous nan Grand Central avèk afich pis Tre Metro-North ak lè depa yo.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418